**5 класс** **ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА**

Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд
С.Э.Эдиловн программи т1ехь

**Нохчийн литературин хьалхарчу чийрикан талламан болх №1 (сочинени)**

**Сочинени «Гурахь»**

**Талламан болх № 2 (тест №1)**

**Ф.Ц1.____________________________________________**

**Класс____ «_____», терахь__________**

**1. Хьан кхоьллина Саидов Билалан нохчийн барта кхолларалле безам-марзо? Х1ун яра цуьнан ц1е?**

а) ненананас; Самнат;

б) йишас; Амнат;

в) денанас, Зарет.

**2. «Майра к1ант Сулима» ц1е йолчу туьйранахь вуьйцучу хьоладен ц1е х1ун ю?**

а) Сода;

б) Со1дал;

в) Совбан.

**3. Х1ун бахьана долуш, мича 1алашонца шайн ц1ера аравелираСулима?**

а) хьуьнха тала ваха;

б), къена дай-наний кхаба;

в) шеен хьуьнарш гайта.

**4. Мусаев Мохьмад маца, мичахь вина?**

а) 1915-чу шарахь Бух1ан-Юьртахь;

б) 1920-чу шарахь Веданахь;

в) 1903-чу шарахь Хьалха-Мартан т1аьхь.

**5. Мусаев Мохьмадан дуьххьарлерчу дийцаран ц1е х1ун яра?**

а) " Токхе гуьйре";

б) "Дашо гуьйре";

в) "Беркате гуьйре".

**6. Мусаев Мохьмадан ,"Ц1ен маьхьси" ц1е йолу произведени муьлхачу жанрехь язйина ю?**

а) стихотворени;

б) повесть;

в) туьйра;

**7. Мусаев Мохьмадан ,"Ц1ен маьхьси" ц1е йолу туьйранахь х1у деш бойна лоьман корта?**

а) поп бош кхассаделла;

б) жижиган талх хьочу лечана т1аьхьахьаьддачохь;

в) хьуьна юккъехула доладелла лелачу хенахь.

**8. «Зайнди» дийцарехь, Зайндина маса шо дузуш хилла шен нана леш?**

а) 8

б) 6

в) 7

**9. Арухас ша базара йоьдуш муьлха г1уллакхаш т1едехкира Зайдина**

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

____________________

**9. Зайнди Михайловске деша хьаьнца вахана?**___________________________________

**Мах хадор**___________

**Талламан болх № 3 (тест №2)**

**Ф.Ц1.________________________________________**

**Класс____ «_____», терахь__________**

**1. Маца, мичахь вина нохчийн яздархо, поэт Мамакаев Мохьмад?**

а) 1900 -чу шарахь Хьалха-Мартант1ахь;

б) 1920 - чу шарахь Г1ойт1ахь;

В) 1910 –чу шарахь Т1ехьа - Мартант1ахь.

**2. Мамакаев Мохьмадан дийцар ду «Баппа» ц1е йолуш. Нохчийн маттахь баппа ду ткъа оьрсийн маттахь х1ун ю оцу зезаган ц1е?**

а) Ромашка;
б) Пион;
в) Одуванчик.

**3. «Баппа» дийцаран массо а турпалхойн ц1ераш д1аязъе.**

____________________________________________________________________________

____________________________________________________________________________

____________________________________________________________________________

____________

**4. Зуда ялаялале муха стаг хилла Узарха?**

____________________________________________________________________________

____________________________________________________________________________

________

**5. Цхьана дашца характеристика ло дийцаран коьртачу турпалхочунна.**

**____________________________________________________**

**6. Сулейманов Ахьмад маца, мичахь вина?**

а) 1915-чу шарахь Бух1ан-Юьртахь;

б) 1920-чу шарахь Веданахь;

в) 1922-чу шарахь Олхазар-К1отарахь.

**7. «Борз ю уг1уш» стихотворени язъйина**

а) Мамакаев 1аьрбис;

б) Саидов Билалас;

в) Сулейманов Ахьмада.

**8. «Борз ю уг1уш» стихотворени хьанна лерина ю?**

а) Мамакаев Мохьмадна;

б) Сатуев Хьусайна;

в) Мамакаев 1аьрбина.

**9. «Доттаг1алла» стихотворени язъйина**

а) Окуев Шимас

б) Бадуев Саь1ида

в) Муталибов Зайндис

**10. Вайн лулахь муьлха къаьмнаш деха? Д1аязъе.**

_______________________________________________

_______________________________________________

**Мах хадор______**

**Талламан болх № 4 (тест №3)**

**Ф.Ц1._____________________________________________**

**Класс____ «_____», терахь__________**

**1. Маца, мичахь вина нохчийн яздархо Махмаев Жамлдин Махмудович?**

а) 1900 -чу шарахьХьалха-Мартант1ахь;

б) 1920 - чу шарахь Г1ойт1ахь;

в) 1939 –чу шарахь Бердк1елахь..

**2. «Буьйсанна г1улчаш» дийцаран турпалхойн ц1ераш д1аязъе.**

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

**3. Дийцар т1ехь Бирланта 1аламехь хила тарлуш болу хийцамаш халкъан тидамашца бусту. Д1аязбе уьш.**

________________________________________________________________

________________________________________________________________

________________________________________________________________

**4. Х1ун халонаш лан дийзира Солсин ша схьаэцна кад шовдан йисте охьабилла воьдуш?**

________________________________________________________________

________________________________________________________________

**5. Маца, мичахь вина нохчийн яздархо Амаев Ваха-Хьаьжа Хасиевич?**

а) 1963 -чу шарахь 1аьларахь;

б) 1920 - чу шарахь Г1ойт1ахь;

в) 1939 –чу шарахь Бердк1елахь..

**6. «Малх чубаре хьоьжура иза» ц1е йолчу дийцарехь коьрта турпалхо мила ву?**

________________________________________________________

**7. Мел хан ю уьш вагон чохь д1аоьхуш болу?**

а) Кхо дей, кхо буьйсий;

б) ялх дей, ворх1 буьйсий;

в) ялх дей, ворх1 буьйсий.

**8. Шина вешина уггар хазахета ловзар муьлханиг дара?**

________________________________________

**9. Вайн халкъ махкаха маца даьккхина?**

а) 1941 –чу шарахь, 12 январехь;

б) 1944 –чу шарахь, 23 февралехь;

в) 1946-чу шарахь, 13 мартехь.

**10. «Даймохк» темина синквейн:**

__________________________________________________

__________________________________________________

__________________________________________________

__________________________________________________

Синквейн (от фр. cinquains, англ. cinquain) — пхеа мог1анех (стихах) лаьтта стихотворенин кеп, кхоьллина Америкин Цхьанатоьхначу Штаташкахь (США) XX-чу оьмаран (б1ешаран) юьххьехь японски поэзин хайку (хокку), танка жанрийн т1е1аткъамца. Ламасталлин синквейнан рифма а, стихотворни барам а ца хуьлу, ткъа х1ора стихехь долчу дешдакъойн барам кху кепара хуьлу: 2—4—6—8—2, шадерг 22 дешдакъа (хайку 17 дешдекъахь лаьтта, танка - 31).

Синквейнан х1ора мог1а вовшахтохаран шен бакъо ю:

1 мог1а - синквейнан коьрта тема гойту **цхьа ц1ердош**.
2 мог1а – коьртачу ойланан билгало гойту **ши билгалдош (я ши причасти).**
3 мог1а – темин дар гойту **кхо хандош.**
4 мог1а – билггала темица дог1у цхьа маь1на гойту **предложени (афоризм, кица я ша х1оттийна предложени).**
5 мог1а – **цхьана ц1ердашах** лаьтта дерзор (коьртачу темица йолу ассоциаци).

Нохчийн маттахь дешнаш (ингалсан меттан дешнел) мелла а деха хиларна, лакхахь балийна х1ора стихан дешдакъойн барам нохчийн маттахь х1иттийнчу синквейнашкахь лар ца ло. Масала, «Нана» темина синквейн:

**Нана**
**Хьоме, дика**
**Кхиаво, 1алашво, веза**
**Уггаре а гергара, деза адам**
**Дуьне**

**Мах хадор_______________**